

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan, (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumen panalungtikan, jeung (5) téhnik analisis data.


3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Métode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hal-hal nu aya patalina jeung rumusan masalah dina panalungtikan. Sugiyono (2017, kc. 194), netelakeun yén metode deskriptif mangrupa métode artistik, ku sabab kitu dina proses panalungtikan miboga sifat seni (*kurang terpola*), jeung disebut ogé minangka métode *interpretive* ku sabab data hasil tina panalungtikanana patali jeung interpretasi data anu kapanggih di lapangan. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun maham kana pasualan ngeunaan naon nu karandapan ku subjék panalungtikan ngeunaan paripolah, peersépsi, motivasi, tindakan sacara holistik, tur ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa, dina konteks nu husus, alamiah, jeung ngamangpaatkeun sawatara métode ilmiah (Moleong 2002, kc. 120). Métode déskriptif-kualitatif miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa atawa ngajelaskeun hiji hal atawa kajadian nu aya di jaman kiwari. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu téhnikna maké cara mikir induktif, pikeun nguji hipotesis nu geus dirumuskeun jadi jawaban sementara tina masalah nu geus ditalungtik. Panalungtikan nu rék didéskripsikeun nyaéta ngeunaan fungsi katerangan kalimah salancar jembar dina buku kumpulan carpon kanyaah kolot karya Karna Yudibrata dumasar ulikan struktural jeung sémantik.

Dina ngalaksanakeun panalungtikan, diwincik heula ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina wangun bagan, sangkan tujuan-tujuan nu rék dihontal dina ieu panalungtikan gampang ngajelaskeunana (Arikunto 2010, kc. 105). Ku kituna, desain

panalungtikan téh mangrupa tahap-tahap nu aya dina panalungtikan nu digambarkeun dumasar kana léngkah-léngkah hiji panalungtikan.

Luyu jeung pamarekan katut métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, Sangkan leuwih jéntré ngeunaan desain panalungtikan, bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakumna kalimah salancar jembar anu dianalisis tina buku kumpulan carpon *Kanyaah kolot* karangan Karna Yudibrata. Ieu panalungtikan ngagunakeun ragam basa tulis tina karangan minangka sumber datana. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Kanyaah kolot* karangan Karna Yudibrata nu medal taun 1985 citakan ka-1 édisi PT. Kiblat Buku Utama. Kandel ieu buku nyaéta 114 kaca kalayan ukuran 21 cm x 14 cm. anu eusina dalapan kumpulan carpon. Anapon judul carponna, nyaéta.

- a. Jang Oman (JO),
- b. Kanyaah Kolot (KK),
- c. Néng Yaya Gering Tipis (NYGT),
- d. Jurig Bungkeuleukan (JB),
- e. Buah Limus Murag ku Angin (BLMKA),
- f. Nganti-Nganti Dawuh (NND),
- g. Kanyaah (K),

Sacara gurat badagna ieu buku kumplan carpon “Kanyaah kolot” karangan Karna Yudibrata téh nyaritakeun sababaraha pasualan nu aya dina kahirupan manusa. Carpon nu judulna “Jang Oman” jeung “Kanyaah Kolot” nyaritakeun ngeunaan hubungan kolot jeung budakna. Kolot tangtu miboga otoritas, henteu otomatis budak sagala nurut, malah loba budak kalah ngalakukeun sagala papagah kolot. Carpon “Nganti-Nganti Dawuh”, nyaritakeun ngeunaan anak nu kalah marebutkeun harta warisan sabada kolotna maot. Carpon “Neng Yaya Gering Tipis” nyaritakeun ngeunaan tipu muslihat nu dilakukeun ku Mang Wijatma nu ngamangpaatkeun kanyaah Mang Endang jeung Bi Imi ka anakna, nu geus sababaraha poé geringna teu cageur-cageur.

Carpon “Jurig Bungkeuleukan” nyaritakeun héngkérna masarakat nu masih percaya kénéh kana tahayul. Carpon “Buah Limus Murag Ku Angin” nyaritakeun Sudira jeung pamajikanana ngomonkeun tatanggana gara-gara tangkal limus anu

murag ka imahna, nepika nembongkeun pasipatan belang bayah jeung curiga ka batur, nu antukna éta pasualan téh dibereskeun di kantor polisi. Carpon “Naib Cidahu” nyaritakeun Naib anu salawasna nunjuk ka jalma anu hartana loba tuluy dipatalikeun jeung masalah ibadah. Tapi nalika kajadianana dibalikeun, Naib teu walakaya kudu kumaha ngungkulan pasualanana.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Teknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Teknik studi pustaka nyaéta salah sahiji teknik ngumpulkeun data tina sababaraha référénsi, buku, jurnal nu patali jeung konsép téoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan.

Léngkah-léngkah téhnik studi pustaka ngaliwatan sababaraha tahapan di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data panalungtikan.
- 2) Maca buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata.
- 3) Nyirian kalimah salancar jembar.
- 4) Nyalin kalimah salancar jembar kana kartu data digital.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2010). Nurutkeun Dina ieu panalungtikan, panalungtik boga kalungguhan pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan (Sugiyono, 2017). Nurutkeun Maleong (2015, kc. 168) anu jadi instrumen panalungtikan téh nyaéta manusa, sabab manusa bia ngarencanakeun, ngalaksanakeun, ngumpulkeun, nganalisis, nafsirkeun data, nepi ka nu ngalaporkeun panalungtikan.

Instrumen dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data digital. Kartu data digital dipaké pikeun ngumpulkeun data nu aya dina buku kumpulan carpon *kanyaah kolot* karya Karna Yudibrata. Panalungtik néangan kalimah salancar jembar tuluy disalin kana kartu data digital jeung format analisis. Carana nyaéta nyalin sakabéh kalimah salancar jembar, tuluy dianalisis struktur kalimah salancar

jembar jeung harti kalimah salancar jembar. Dina data dilengkepan ku kode nu nerangkeun judul buku, judul carpon, kaca buku, jeung nomer jajaran, kartu data digital nu digunakeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Conto Kartu Data Digital

KARTU DATA	
(Kalimah salancar jembar anu dicutat). (ID Sumber Cutatan)	
Struktur kalimat:	
F (pola)	: Ma Ulis némpas ti tengah imah
K	: J C K
P	: Katerangan tempat

Katerangan kartu data:

- (a) Kalimah salancar jembar anu dicutat
- (b) ID sumber cutatan ata nya éta saperti ieu di ID sumber cutatan dina ieu kartu data nya handap: (Singgetan Judul carpon/Kaca/Alinéa)
- (c) Analisis Struktur Kalimah

Analisis Struktur kalimat diantaranya nya éta:

F: Analisis fungsi gramatikal unsur-unsur fungsional kalimat.

K: Analisis peran unsur fungsional kalimat.

P : Analisis peran sémantik, nya éta analisis harti kalimah salancar jembar anu disawang tina unsur fungsional katerangan.

Dumasar kana kartu data di luhur, dijieun tabél anu eusina pola kalimat salancar jembar jeung harti kalimah salancar jembar anu disawang tina unsur fungsional kateranganana.

Tabél 3.1 Conto Data Kalimah Salancar Jembar

No Data	Kalimah Salancar Jembar	ID
002	Ceuk Pa Ulis barang ngelol di panto dapur.	KK/JO/17/2

Katerangan data kalimat salancar jembar:

KK : Kanyaah Kolot

Ilma Syahida Afifah, 2023

KALIMAH SALANCAR JEMBAR DINA BUKU KUMPULAN CARPON KANYAAH KOLOT KARYA KARNA YUDIBRATA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMANTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan. Upi.edu.

JO : Jang Oman
 17 : Kaca
 2 : Alinéa

Tabél 3.2 Format Analisis Data

No	Kalimah Salancar Jembar	ID
031	Urang pilarian seratna di kantor. J C U K	KK/KK/33/4

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data atawa nganalisis data nyaéta prosés ngaorganisasikeun jeung nganalisis data kahiji pola, katégori, jeung uraian dasar (Maleong, 2015, kc. 168). Anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber datana dina wangun tulisan, udaganana pikeun ngaalisis kalimah salancar jembar nu aya dina buku kumpulan carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata. Ku kituna bisa kapanggih téma jeung rumusan hipotésis gawé. Tehnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik nganalisis unsur langsung anu ngaliwatan sababaraha tahapan, di antarana:

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah salancar jembar anu disusun sacara alfabetis.
- 2) Nyieun papasingan kalimah salancar jembar dumasar kana kategori jeung peran.
- 3) Nganalisis data kalimah salancar jembar.
- 4) Ngadéskripsikeun kalimah salancar jembar dumasar kana struktur kalimah salancar jembar.
- 5) Nafsirkeun jeung nyindekeun perkara adegan jeung harti (sémantis) kalimah salancar jembar.

Ilma Syahida Afifah, 2023
*KALIMAH SALANCAR JEMBAR DINA BUKU KUMPULAN CARPON KANYAAH KOLOT KARYA
KARNA YUDIBRATA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMANTIK)*
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu.